

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Kegiatan evaluasi pembelajaran mangrupa kagiatan anu perlu nyiapkeun instrumén, instrumén evaluasi kudu saluyu jeung tujuan pembelajaran. Tujuan pembelajaran anu jadi dadasar dina nyiapkeun instrumén bisa ditingali tina GBPP atawa SKKD. Sedengkeun instrumén atawa alat pikeun ngaévaluasi nya éta tés. Tés nya éta hiji alat atawa prosédur anu sistematis pikeun ngukur hiji sampel paripolah (Susilana, 2006: 121). Salah sahiji wangun tés evaluasi nya éta tés sumatif dina wangun soal UTS jeung UAS anu dijieun ku guru, pikeun ngukur hasil diajar siswa unggal réngsé nepikeun bahan pangajaran, di tengah seméster, jeung di ahir seméster pikeun ngukur kabhasilan matéri anu ditepikeun. UTS jeung UAS (utamana hasil kagiatan UAS) ogé dilakukeun pikeun ngukur préstasi diajar siswa.

Guru aya nu kurang merhatikeun kualitas soal UTS jeung UAS anu dijieunna. Aya guru anu teu merhatikeun indikator sarta SKKD salaku acuan (pedoman) dina nyusun soal, anu penting nyadiakeun soal salaku instrumén tés pikeun meunteun kamampuh siswa. Guru leuwih condong nyieun soal anu sumberna tina buku atawa LKS wungkul bari teu nitéan kualitas jeung luyu henteuna soal éta pikeun ngukur kamampuh siswa. Mémang teu aya salahna upama guru nyusun soal anu sumberna tina LKS jeung buku, tapi guru ulah ngan saukur nyomotan soal tanpa merhatikeun kasaluyuan antara soal jeung

Kompetensi Dasar anu baris diukur kahontal henteuna, sarta teu merhatikeun tingkat hésé babarina jeung daya pangbedana.

Saméméh nyusun soal, guru kudu nyieun kisi-kisi anu gunana pikeun ngagambarkeun jeung ngatur soal sangkan bisa ngukur sakabéh aspék kamampuh siswa kalawan rata. Maksudna nya éta ngaliwatan kisi-kisi guru bisa apal aya sabaraha soal anu ngukur kamampuh A, aya sabaraha soal pikeun ngukur kamampuh B, jeung saterusna. Contona soal pikeun ngukur kamampuh A aya 5 soal, ngukur kamampuh B aya 3 soal, ngukur kamampuh C aya 2 soal, sedengkeun pikeun ngukur kamampuh D 0 soal atawa teu aya. Ieu hal teu meunang kajadian, ngaliwatan nyusun kisi-kisi saméméh nyieun soal guru bisa nyingkahan hal éta. Tapi faktana guru biasana nyieun soal heula tuluy nyusun kisi-kisi. Akibatna hal di luhur bisa kajadian, malah mah kanyahoanna téh dina waktu atawa sabada kagiatan UAS lumangsung.

Sanajan soal UTS jeung UAS biasana leuwih condong dipaké pikeun ngukur aspék ranah kognitif, tapi sabisa-bisa ranah afektif jeung psikomotor ogé bisa diukur dina soal UTS atawa UAS. Ku kituna guru kudu taliti tur apik dina nyusun soal UTS jeung UAS sangkan sagala kamampuh siswa bisa kagambar tina hasil ujian.

Nilik kana masalah-masalah di luhur perlu pikeun dilaksanakeun panalungtikan ngeunaan soal UTS jeung UAS di sakola. Lantaran lamun masalah di luhur henteu diungkulan kalawan daria, bisa jadi ngakibatkeun kasalahan dina *pengukuran* kaberhasilan prosés diajar. Lamun alat ukurna salah tangtu hasil ngukurna ogé salah. Panalungtikan anu geus dilakukeun saméméhna ngeunaan

soal UAS basa Sunda, nepi ka taun 2010 anu kacatet di Jurusan Pendidikan Basa Daerah nya éta:

- 1) *Analisis Soal EBTA Basa Sunda anu Digunakeun di SMP BPI 1 Kotamdya Bandung Taun Ajaran 1994-1995 ku Rayudin;*
- 2) *Analisis Soal EBTA Basa Sunda anu Digunakeun di MTS Negeri Kotamdya Bandung Taun Ajaran 1997-1998 ku Siti Aisyah;*
- 3) *Analisis Relevansi Soal UAS Basa Sunda jeung KTSP di SMP Pasundan 3 Bandung Taun Ajaran 2009-2010 ku Dahlia Nurwulandari”.*

Niténan kana hal di luhur kagambar yén soal UTS jeung UAS mata pelajaran basa Sunda di SMP Negeri 45 Bandung acan aya anu nalungtik sagemblengna, ti mimiti kelas 1 (kelas VII) nepi ka kelas 3 (IX). Jadi soal UTS jeung UAS dianalisis kualitas soalna ditilik tina tingkat validitas eusi item soal, réliabilitas, tingkat hésé babarina, jeung tingkat daya pangbédana. Éta anu jadi alesan pikeun diayakeun panalungtikan anu judulna “Kualitas Soal Basa Sunda di SMP Negeri 45 Bandung Seméster Ganjil Taun Ajar 2010/2011”. Soal-soal basa Sunda di SMP Negeri 45 Bandung nya éta soal UTS jeung UAS kelas VII, VIII, IX. Nu dianalisisna kualitas soal-soalna, naha geus nyumponan sarat atawa kurang kénéh.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Alat évaluasi dina wangun tés atawa ujian di antarana nya éta tés tinulis, tés lisan, jeung tés prakték. Tés tulisan anu biasa dipaké dina pangajaran di sakola

ilaharna sok dina wangun soal pilihan ganda jeung soal éséi. Wangun soal ieu téh dipaké dina UTS jeung UAS. Dina UTS mah soal téh dijieun sakumaha kawijakan guru mata pelajaranna, aya nu milih soal dina wangun pilihan ganda wungkul atawa dina wangun éséi wungkul. Béda jeung UTS, soal UAS mah biasana wangunna téh ditangtukeun ku sakola, anu ngawengku 40 soal pilihan ganda jeung 5 soal éséi.

Dina ieu panalungtikan diwatesanan ambahanana nya éta ngan medar soal UTS jeung UAS, anu dianalisis kualitasna ditilik tina tingkat validitas eusi item soal, tingkat réliabilitas, tingkat hésé babarina, jeung tingkat daya pangbédana. Anu antukna bakal katitén kumaha tingkat kualitas soal basa Sunda, utamana soal UTS jeung UAS di SMP Negeri 45 Bandung seméster ganjil taun ajar 2010/2011.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah di luhur, anu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina wangun kalimah pananya ieu di handap:

- a. Kumaha tingkat validitas eusi item soal UTS jeung UAS basa Sunda di SMPN 45 Bandung ?
- b. Kumaha tingkat réliabilitas soal UTS jeung UAS basa Sunda di SMPN 45 Bandung?
- c. Kumaha tingkat hésé babarina soal UTS jeung UAS basa Sunda di SMPN 45 Bandung?
- d. Kumaha tingkat daya pangbéda soal UTS jeung UAS basa Sunda di SMPN 45 Bandung?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum tujuan ieu panalungtikan nya éta pikeun ngaronjatkeun kualitas instrumén évaluasi dina wangun soal UTS jeung UAS, sangkan ukuran kasuksésan hasil prosés diajar-ngajar akurat. Salian ti éta tujuan umum ieu panalungtikan nya éta salaku bahan tinimbang pikeun guru basa Sunda dina nyieun soal UTS jeung UAS anu leuwih alus deui, henteu asal nyieun soal tanpa disaluyukeun jeung SKKD salaku acuan dina nyieun instrumén évaluasi sarta aspék-aspék kualitas soal nu séjénna. Ieu panalungtikan ogé miboga tujuan pikeun nambahan élmu pangaweruh di dunya atikan jeung pangajaran.

1.3.2 Tujuan Husus

Luyu jeung rumusan masalah di luhur, sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan hayang ngadéskripsikeun:

- a. Tingkat validitas eusi item soal UTS jeung UAS basa Sunda di SMPN 45 Bandung;
- b. Tingkat réliabilitas soal UTS jeung UAS basa Sunda di SMPN 45 Bandung;
- c. Tingkat hésé babarina soal UTS jeung UAS basa Sunda di SMPN 45 Bandung; jeung
- d. Tingkat daya pangbéda soal UTS jeung UAS basa Sunda di SMPN 45 Bandung.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun ngamekarkeun élmu pangaweruh dina widang pangajaran basa Sunda, utamana prosés évaluasi. Salian ti éta ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa dijadikeun bahan tinimbang dina nyieun soal UTS jeung UAS.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis ieu panalungtikan nya éta pikeun jadi bahan référénsi guru basa Sunda dina nangtukeun instrumén évaluasi, utamana soal UTS jeung UAS anu saluyu jeung SKKD, sarta kualitas soalna hadé. Hal ieu penting pisan sangkan ukuran kahontal henteuna tujuan pembelajaran bisa katitén kalawan akurat jeung maksimal. Ngaliwatan évaluasi anu akurat, dipiharep bisa ngaronjatkeun kualitas pangajaran sangkan leuwih alus deui.

1.5 Wangenan Operasional

Dina ieu panalungtikan aya sawatara istilah anu perlu ditétélakeun nya éta istilah *kualitas soal jeung soal basa Sunda*. Sangkan leuwih écés ieu istilah baris dipedar di handap:

- 1) **Kualitas soal**, nya éta hiji kaayaan soal anu nyumponan *kritéria*, sarat, jeung harepan, dina hal ieu *kritéria* jeung sarat soal anu hadé nya éta miboga ciri-ciri validitas, réliabilitas, tingkat hésé babarina, jeung tingkat daya pangbédana anu hadé;

- 2) **Soal basa Sunda**, nya éta wangun fisik tés mata pelajaran basa Sunda anu kudu dieusian ku siswa anu baris diajén kamampuh jeung kapinteranana. Soal basa Sunda dina ieu panalungtikan nya éta soal UTS jeung UAS basa Sunda di SMP Negeri 45 Bandung ti mimiti kelas VII nepi ka kelas IX seméster ganjil taun ajar 2010/2011.

1.6 Anggapan Dasar

Anggapan dasar dina ieu panalungtikan nya éta:

- 1) Kagiatan évaluasi penting pisan dina widang élmu atikan utamana dina prosés diajar-ngajar;
- 2) Kagiatan évaluasi penting pisan pikeun ngukur kamampuh siswa sanggeus ngalaksanakeun prosés diajar-ngajar;
- 3) Évaluasi diperlukeun pikeun ngukur hasil prosés diajar-ngajar, naha tujuan pangajaran kahontal atawa henteu;
- 4) Instrumén évaluasi anu hadé, saluyu jeung tujuan pembelajaran nya éta indikator sarta SKKD anu antukna bisa dijadikeun alat ukur hasil kagiatan pembelajaran anu akurat;
- 5) Évaluasi mangrupa runtuyan tina pembelajaran anu dilaksanakeun di ahir pembelajaran, pikeun nangtukeun naha siswa geus nyangkem kana pangajaran anu diterangkeun saméméhna atawa acan.

1.7 Méthode jeung Téknik Panalungtikan

Méthode anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif analitik, lantaran ieu méthode luyu dilarapkeun pikeun ngaguar pasualan dina ieu panalungtikan. Méthode déskriptif analitik téh dipaké pikeun medar, ngagambarkeun, atawa ngébréhkeun data-data faktual ku cara nganalisis, ngabandingkeun, maham, jeung nétélakeun data nu aya (Ratna, 2004: 53).

Téknik ngumpulkeun data anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta téknik studi dokuméntasi. Ieu téknik dipaké pikeun ngumpulkeun data anu aya patalina jeung ieu panalungtikan, sangkan data anu kacangking bener-bener bisa dijadikeun data anu akurat. Sedengkeun téknik anu dipaké dina ngolah data nya éta teknik analisis data, lantaran dina ieu panalungtikan merlukeun ayana prosés milah jeung milih data nu geus aya, sarta data nu geus dipilih téh dipasing-pasing jeung dianalisis.

1.8 Populasi jeung Sampel

1.8.1 Populasi

Objék dina hiji panalungtikan bisa langsung ditangtukeun salaku sumber data, tapi aya ogé objék panalungtikan anu kudu ditangtukeun populasina heula. Bédana, populasi jeung sampel mah mangrupa panalungtikan anu hasilna bisa digenerelasikeun, lantaran wengkuanana leuwih lega, sedengkeun anu objék panalungtikanna langsung dijadikeun sumber datana mah teu bisa, lantaran ngan saukur dipaké pikeun hiji objék.

Dumasar kana pedaran di luhur, objék dina ieu panalungtikan ditangtukeun ku cara téknik populasi jeung sampel. Anu dijadikeun populasina nya éta sakabéh soal jeung lembar jawaban UTS jeung UAS kelas VII, VIII, jeung IX di SMP Negeri 45 Bandung seméster ganjil taun ajar 2010/2011.

1.8.2 Sampel

Teknik sampel anu dipaké pikeun nangtukeun soal anu ditalungtik nya éta sampel total lantaran soal anu ditalungtik nya éta sakabéh soal UTS jeung UAS kelas VII, VIII, jeung IX

Salian ti éta téknik sampel anu digunakeun pikeun nangtukeun kelas mana anu lembar jawabanna ditalungtik nya éta *random sampling* sacara undian. Sanggeus dilaksanakeun téknik *random sampling* sacara undian, ditangtukeun kelas anu lembar jawaban siswana ditalungtik nya éta kelas VII-E, kelas VIII-A, jeung IX-F.